

land breeze	briz-de-tè	mouvman lè ant tè a ak lanmè pandan lannwit; mouvman sa a kreye lè lè ki pi frèt ak pi dans tè a fè lè ki pi cho a ogmante sou lanmè a.
larynx	larenks	gòjèt kote kòd vokal la tache.
latitude	latitid	distans an degre onò oswa osid ekwatè a.
lava	lav	wòch fonn ki sòti nan vòlkan pou koule sou sifas tè a.
law of conservation of charge	lwa konsèvasyon chaj	endike chaj ka transfere ant yon objè ak yon lòt, men li pa ka kreye oswa detwi.
law of conservation of energy	lwa konsèvasyon enèji	endike enèji pa janm kreye oswa detwi.
law of conservation of mass	lwa konsèvasyon mas	endike mas tout sibstans ki prezan anvan yon chanjman chimik egal a mas tout sibstans ki rete apre chanjman an.
law	lwa	deklarasyon sou fason bagay yo fonksyone nan lanati ki sanble vrè selon yon sistèm.
leaching	filtrasyon	eliminasyon mineral ki disoud nan dlo.
lever	levye	machin senp ki gen ladan yon ba endepandan pou vire sou yon pwèn ki rele pwendapui.
lichen	likèn	òganis ki fòm avèk yon chanpiyon ak yon grenn alg oswa yon syanobakteri.
ligament	ligament	bann tisi solid ki kenbe zo yo ansanm nan atikilasyon yo.
light-year	ane-limyè	inite ki reprezante distans limyè a vwayaje nan yon ane-apeprè 9.5 trilyon kilomèt-epi ki itilize pou anrejistre distans ant etwal yo ak galaksi yo.
limiting factor	faktè limitasyon	tout bagay ki ka limite tay yon popilasyon, avèk tou kreyati vivan ak kreyati san vi yon ekosistèm, tankou predatè yo oswa sechrès.
lipids	lipid	gwoup konpoze byolojik ki gen

		menm eleman kòm idrat kabòn, men nan diferan aranjman ak konbinezon, epi tou ki genyen kò gra ak tè satire ak kò gra ak tè ki pa satire.
liquefaction	likefaksyon	fè lèt tè imid aji plis tankou likid pandan yon tranblemanntè.
lithosphere	litosfè	kouch tè rijid ki gen apeprè yon epesè 100 kilomèt epi ki fòme avèk kwout ak yon pati manto siperyè a.
litter	fatra	ti branch bwa, fèy, ak lòt matyè òganik ki fè pa gen ewozyon, ki konsève dlo epi ki pètèt chanje an agrè natirèl gras a òganis ki an dekonpozisyon yo.
loess	les	depo sediman ki gen grenn fen epi ki byen akimile apre van fin soufle sou yo.
long-day plant	plant a jou long	plant ki bezwen anjeneral nwit kout-mwens pase 12 èdtan fènwa-pou kòmanse pwosesis forezon an.
longitude	lonjitid	distans an degre alès oswa alwès premye meridyen an.
longshore current	kouran litoral	kouran ki kouri an paralèl sou kòt la; li fèt akòz onn yo ki antre an kolizyon avèk kòt la nan ang ki piti, epi li deplase anpil tòn sediman ki detache.
lunar eclipse	eklips linè	fèt lè lonbraj tè a kouvri lalin nan.
luster	ekla	pwopriyete metal yo ak alyaj yo ki dekri lè yo gen yon aparans briyan oswa yon limyè reflechi.
lymph	lenf	likid tisi ki gaye nan kapilè lenfatik yo.
lymph nodes	ne lenfatik	ògàn an fòm ariko yo jwenn toupatou nan kò ki filtre mikwo-òganis ak matyè etranje lenfosit yo retire.
lymphatic system	sistèm lenfatik	mennen lenf toutpatou nan yon rezo kapilè ak veso lenfatik,

		epi li koule li andedan gwo venn ki toupre kè a; li ede goumen kont enfeksyon ak maladi.
lymphocyte	lenfosit	yon kalite selil blan k ap goumen kont enfeksyon.